



Pou Piblikasyon Imedya: 12/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL TE ANONSE KÒMANSMAN MIKWOTINELAJ POU PWOJÈ INOVATÈ EGOU NEWBURGH LA

*Premye pwojè enfrastrikti dlo pwòp ki finanse pa lwa federal bipatit sou enfrastrikti nan Eta New York*

*27 milyon dola nan envestisman eta ak federal yo pral amelyore kalite dlo ak rezistans a tanpèt nan amelyore enfrastrikti dlo ize*

*Mikwotinelaj pou kanalizasyon egou anba tè a pral redui deranjman potansyèl pou rezidan yo nan kominate a epi akselere konstriksyon*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman mikwotinelaj inovatè nan Vil Newburgh kòm yon pati nan amelyorasyon enfrastrikti dlo ize ak dlo lapli ki ankou ki empòtan pou pwoteje kalite dlo Rivyè Hudson ak ogmante rezistans a tanpèt. Pwojè egou ki ankou a se premye pwojè konstriksyon enfrastrikti dlo pwòp nan Eta New York ki te finanse an pati pa Lwa federal Bipatit sou Enfrastrikti (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) a. Pwojè sa a te resevwa [plis pase 6.1 milyon dola nan fon federal Lwa Enfrastrikti Bipatit nan mwa novann lan](#). Eta New York ap kontribye tou plis pase 21 milyon dola nan sibvansyon eta ak finansman san enterè pou sipòte konstriksyon vil la nan novo kanalizasyon egou ki pi gwo ak lòt amelyorasyon empòtan pou ranfòse kapasite vil la pou reziste kont gwo dlo epi redwi polisyon nan Rivyè Hudson.

"Ansanm ak envestisman empòtan nan dlo pwòp eta nou an, finansman san parèy ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la bay yon opòtinite empòtan pou fè gwo amelyorasyon nan anviwònman an ki pral pwoteje sante piblik atravè eta a pou jenerasyon k ap vini yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Amelyorasyon nan dlo ize ak dlo lapli sa yo empòtan anpil pou pwoteje anviwònman an ak amelyore kalite lavi nan Newburgh, epi administrasyon mwen an pral kontinye travay di pou jwenn finansman ki efikas ak ekitab pou ede kominate yo lanse pwojè empòtan yo".

Mikwotinelaj fè pati konstriksyon ki ankou pou aplike plan kontwòl alontèm Newburgh an patenarya ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York pou amelyore sistèm egou ak dlo lapli vil la. Mikwotinelaj se yon metòd konstriksyon san tranche ki opere adistans ki pèmèt

fouye ak poze tiyo an menm tan. Yo te bay vil la yon aparèy pou fouye ki fèt espesyalman pou sa nan semèn sa a ki pral fouye tinèl la atravè wòch di yo.

Mikwotinelaj pèmèt aliyan egzak egou a sou yon distans ki long epi evite deranjman nan lari ak rezidan bò dlo yo akòz fouy anba tè ki fon.

Pwojè Amelyorasyon Entèseptè Nò a gen ladan enstalasyon apeprè 8,700 pye lineyè nouvo kanalizasyon egou sanitè gravite ki pi gwo pou ogmante kapasite sistèm nan epi redwi polisyon ki devèse nan Rivyè Hudson. Sa a pral reyalize nan devye plis sikilasyon dlo nan izin tretman vil la pandan evènman sikilasyon dlo nan tan lapli. Mikwotinelaj la pral itilize pou yon pòsyon 2,000 pye longè nan nouvo kanalizasyon an.

Atravè Lwa sou Enfrastrikti Bipatit (BIL), DEC ak Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal (EFC) Eta New York, yo te angaje 27 milyon dola nan faz pwojè sa a atravè sibvansyon ak finansman san enterè, ki gen ladan:

- Sibvansyon 10 milyon dola ki soti nan Pwogram Amelyorasyon Kalite Dlo
- Sibvansyon 5.57 milyon dola ki soti nan pwogram sibvansyon pou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo
- Sibvansyon 5.57 milyon dola ki soti nan Fon Woulman Eta pou Dlo Pwòp
- Sibvansyon 3.55 milyon dola ak 2.56 milyon dola nan finansman san enterè ak akoutèm ki soti nan fon siplemantè jeneral BIL la. EFC atravè pwogram Fon Woulman Eta a ap administre finansman ki soti nan BIL pou enfrastrikti dlo ak egou

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal la, Maureen A. Coleman, te deklare**, "Eta New York ak EFC fyè pou yo fè patenarya ak Vil Newburgh pou fè avanse pwojè enpòtan sa a ki pral benefisyé anviwònman nou an ak kominate lokal yo. EFC pran angajman pou l bay kominate yo resous finansye ak asistans teknik ki nesesè pou lanse pwojè enfrastrikti dlo pwòp esansyèl sa yo. Avèk lidèchip soutni Gouvènè Hochul sou enfrastrikti anviwònman an ak finansman san parèy nan men Kongrè a ak Administrasyon Biden, EFC pa ka tann pou yo wè plis siksè nan zafè enfrastrikti anviwònmantal yo an 2023".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York la ak Prezidan Konsèy Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos, te deklare**, "Pwoteje bon jan kalite dlo a se pamí pi gwo priyорite Gouvènè Hochul epi li enteresan pou nou wè kòmansman faz sa a nan yon pwojè ki pral ede retabli Rivyè Hudson ak amelyore kalite lavi nan kominate ki bò rivaj li yo. DEC pral kontinye fè patenarya ak Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal ak EPA epi travay ak vil Newburgh pou fè avanse pwojè transpò sa a epi amelyore kalite dlo reyon an".

**Komisè pa Enterim Depatman Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare**, "Atravè eta a, envestisman istorik nan enfrastrikti dlo potab ak dlo ize tankou

sa a se envestisman nan sante tout Nouyòkè yo. Pwojè inovatè dlo pwòp sa a pral ede Newburgh ranfòse sistèm enfrastrikti dlo lapli ak dlo ize konbine li yo pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou pwoteje sante imedyat ak alontèm kominote nou yo".

**Lisa F. Garcia, Administratè Rejyonal Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman**

**Etazini, te deklare,** "Finansman atravè Lwa sou Enfrastrikti Bipatit Prezidan Biden lan ap gen yon enpak pozitif nan kominote atravè New York ak atravè peyi a. Finansman BIL la, ansanm ak pwòp envestisman eta a, pral pèmèt Newburgh rezoud pwoblèm dlo egou ki pa trete ki devèse nan Hudson chak fwa lapli tonbe".

**Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare,** "Angajman kontinyèl New York pou gen kominote pwòp, dinamik ak an sante te parèt klè yon lòt fwa ankò avè envestisman egzanplè Gouvènè Hochul nan pwojè enfrastrikti dlo dirab ak rezistan yo. Envestisman ki nesesè anpil sa yo enpòtan anpil pou sipòte gouvènman lokal yo epi pou bay kominote yo fondasyon pou amelyore sante piblik, amelyore pwoteksyon anviwònman an epi atenn rezistans ekonomik".

**Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare,** "Mwen fyè pou m fè envestisman istorik 27 milyon dola sa a pou amelyore enfrastrikti dlo pwòp VII Newburgh atravè Lwa federal sou Enfrastrikti Bipatit ak Travay la, ke mwen te defann nan Sena a. Pandan plizyè ane, mwen te travay avèk pwojè dlo pwòp Vil Newburgh, Riverkeeper, Newburgh, ak defansè lokal yo pou amelyore enfrastrikti dlo Newburgh, nan objektif pou fè katye nan Newburgh nou renmen anpil yo vin pi an sante ak kote ki pi an sekirite pou viv ak travay. Ane pase a, mwen te fyè dèske m te jwenn 12.8 milyon dola pou Pwojè Egou Entèseptè Nò Newburgh la atravè bidjè federal anyèl la pou Newburgh te kapab kòmanse travay enpòtan sa a. Mwen remèsye Depatman Konvèsayon Anviwònmantal ak Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmantal Eta New York paske yo te dirije premye finansman konstriksyon enfrastrikti dlo pwòp New York ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bipatit ak Travay la pou konstiwi sou travay enpòtan sa a epi n ap kontinye goumen ansanm ak yo pou bay kominote Hudson Valley nou yo finansman sa a".

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Finansman sa a pral ede modènize enfrastrikti dlo ansyen Newburgh la, amelyore rezistans a tanpèt, epi redwi polisyon nan Rivyè Hudson", senatè Gillibrand te deklare. "Mwen fyè dèske m te goumen pou adopte Lwa sou Enfrastrikti Bipatit la pou bay finansman pou pwojè tankou sa a atravè Eta New York, epi m ap kontinye travay pou jwenn resous federal yo pou revitalize kominote nou yo".

**Reprezantan Pat Ryan te deklare,** "Mwen fyè pou m anonse kòmansman pwojè enpòtan sa a, ki pral pèmèt pote gwo amelyorasyon nan enfrastrikti dlo vil Newburgh la. Chak Nouyòkè merite aksè a dlo pwòp, epi mwen espere travay ak patnè nan gouvènman eta a, lokal ak federal pou fè sa tounen yon reyalite".

**Majistra Vil Newburgh la, Torrance Harvey, te deklare**, "Rezidan ak biznis Newburgh yo gen dwa pou yo jwenn dlo ki pwòp ak an sante, epi mwen felisite Gouvènè Hochul, ekip Eta New York yo ak patnè Kongrè nou yo paske yo bay resous finansye ki ede fè pwojè enpòtan sa a posib. Klè ak senp, li pral ede asire ke jenerasyon rezidan Newburgh yo ap grandi nan yon kominate ki pi pwòp ak pi an sante. Men ak kisa sa gouvènman k ap travay ansanm pou pèp la sanble epi nou kontan pou n avanse ansanm sou pwojè sa a".

New York kontinye ogmante envestisman li nan pwojè enfrastrikti dlo pwòp. Dènyèman, nan ajanda Eta Leta 2023 a, Gouvènè Hochul te angaje l pou li envesti 500 milyon dola nan finansman dlo pwòp nan pwochen bidjè li a, sa ki fè envestisman total New York nan enfrastrikti dlo pwòp vin 5 milya dola. Pou eksplwate envestisman sa yo epi asire kowòdinasyon kontinyèl ak gouvènman lokal yo, Ekip Asistans Kominotè yo pral fè sansibilizasyon ki aktiv pou ti kominate riral epi ki defavorize yo epi ede yo jwenn aksè nan èd finansye pou reponn a bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo.

Anplis de sa, avèk apwobasyon votè yo pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt (Clean Water, Clean Air, and Green Jobs Environmental Bond Act) 4.2 milya dola nan novanm nan, gen plis nivo finansman istorik pou mete ajou enfrastrikti dlo ki ansyen epi pwoteje kalite dlo; ranfòse kapasite kominate yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan envesti omwen 35 poustan, avèk yon objektif 40 poustan, nan resous nan kominate defavorize yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418